

Deklarasyon Dwa Sivil

Pase nan La chanm peyi Etazini le 25 Septanm, 1789;
ratifye pa tout Eta yo le 15 Desanm 1791

PREMYE AMANDMAN

Kongrè a pa dwa fè okenn lwa ki respekte etablisman relijyon, ni anpeche moun pratike relijyon yo vle; ni anpeche moun pale, di sa yo panse; osinon dwa pou moun rasanble nan la pè pou fè manifestasyon kont leta.

DEZYEM AMANDAM

Yo pa dwa viole dwa moun pou fòme group militè nesese pou pwoteje leta, ni dwa pou moun pote zam.

TWAZYEM AMANDAM

Okenn solda pa gen dwa ale antre nan kay yon moun si se pa moun nan ki ba li pèmision, ni nan tan la pè, ni nan tan la gè, men nan yon fason ke leta preskri.

KATRYEM AMANDAM

Dwa tout moun dwa gen sekirite nan kò yo, nan kay yo, nan papye yo, e nan tout sa yo posede, pou leta pa vi-n viole dwa yo nan antre chache ou sezi zafè yo san rezon, men pou rezon valab, sipote pa yon manda ki esplikote pou yo fouye ak ki moun, ki bagay pou yo sezi a.

SENKYEM AMANDMAN

Yo pa dwa fose okenn moun bay repons pou yon krim, sèlman si li akize, eksepte nan ka zafè militè, lè nan sèvis nan tan lagè osinon danje piblik.; ni okenn vi moun pa dwa an danje pou menm pwoblèm nan; Yo pa dwa rele okenn moun vi-n sèvi temwen nan ka kriminèl kont li menm; ni pèdi vi li, libète, ou byen li san la lwa pa jije-l; ni pran kay prive moun pou byen leta, san leta pa peye pou li.

SIZYEM AMANDAM

Nan tout jijman kriminèl, akize ya gen dwa a yon jijman prese e piblik, san pati pri de yon jiri chwazi pa leta nan peye ak zòn moun nan fè krim la, kote sa dwa gentan konnen kòz akizasyon an pou-l ka konfronte temwen kont akize a ; pou oblije temwen vin prezante an favè-l epi pou ka ede jwen avoka leta pou defann li.

SETYEM AMANDAM

Nan diskisyon devan tribinal leta, kote valè kap diskite-a dwa pliske \$20.00, dwa gen jijman ak jiri, epi okenn desizyon ke jiri-a pran pa dwa reekzamine nan okenn tribinal nan peyi Etazini, dapre règleman lwa tribinal yo pran.

UITYEM AMANDMAN

Trò gro lajan pa dwa mande pou lage yon moun chaje ak yon ka kriminèl, ni pou moun ki koupab de yon krim peye tró gro lajan kòm pinisyon.

NEVYEM AMANDMAN

Tout sa ki site nan Konstitisyon an la konsènan dwa sa yo pa vle di pou detwi tout lòt dwa ke pèp la genyen.

DIZYEM AMANDMAN

Tout pouvwa ke Konstitisyon an pa bay tout Eta ini yo, ni anpeche-l a Eta yo rezeve a tout eta yo separeman, e a pèp la.

KEK LOT AMANDMAN KI AJOUTE PI TA MEN KI AFEKTE LIBETE KE KONSTITISYON AN BAY

TREZYEM AMANDMAN

Ni esklavaj, ni travay fòse, eksepte kou pinisyon pou moun ki kondane de yon ka kriminèl, dwa egziste nan peyi Etazini, osinon okenn lòt kote ki anba gouvènman peyi Etazini.

KATOZYEM AMANDMAN

Tout moun ki fèt ou natiralize nan peyi Etazini, epi ki anba kòmandman-l se sitwayen peyi Etazini ak vil yo rete ya yo ye. Okenn Eta ta dwa fè osinon ankouraje okenn lwa ki retire sou avantaj yon sitwayen peyi Etazini ta dwa genyen; ni okenn Eta ta dwa refize yon moun la vi, libète, kay, san pase pa la jistis; ni refize bay tout moun k- ap viv nan vil sa menm proteksyon selon jan la lwa mande.

KENZYEM AMANDMAN

Peye Etazini osinon vil nan peyi Etazini pa dwa rejte ni diminwe dwa ke sitwayen peyi Etazini genyen pou vote pou rezon koulè, ras, relijyon osinon paske moun nan te restavèk.

DISNEVYEM AMANDAM

Dwa tout sitwayen nan peyi Etazini pou vote pa dwa diminwe ou refize pou rezon sex.

PROVIZION NAN ATIK I DE ORIJINAL KONSTITISYON AN KI AFEKTE LIBETE SIVIL

Privilèj pou fè lage imediatman moun ki nan prizon ilegalman (Writ of Habeas Corpus) pa dwa sispann, sèlman si moun nan ap fè gro ou envazyon sekirite piblik ka ekzije-l Okenn deklarasyon pou bay moun pinisyon kapital san jijman (Bill of Attainder) osinon lwa pou akize yon moun de yon zak kriminèl menm lè zak sa pa yon zak kriminèl (ex post facto law) ta dwa pase.

ACLU of Florida

www.acluf.org/kreyol

4500 Biscayne Blvd. Suite 340, Miami, FL 33137